



Pou Piblikasyon Imedya: 05/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE UIT NOUVO SIT TANPORÈ #VAXTOSCHOOL

120 sit pral etabli nan tout eta a pandan plis pase 12 semèn pou ogmante pousantaj vaksinasyon pami Nouyòkè ki nan laj pou lekòl yo

Nouvo sit yo pral anonse chak semèn sou yon peryòd 12 semèn; lis konplè sit yo pral mete ajou chak semèn [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a uit nouvo sit vaksinasyon tanporè #VaxtoSchool (vaksen pou lekòl) pou ogmante pousantaj vaksinasyon pami Nouyòkè ki nan laj pou lekòl yo. Nan 21 septanm, Gouvènè Hochul [te anonse](#) yon total 120 sit pral etabli sou yon peryòd 12 semèn nan tout eta a. Depatman Sante (Department of Health, DOH) a ap travay avèk depatman sante lokal konte yo, òganizasyon kominotè yo, ak sant swen sante ki sou plas yo pou sipòte etablisman sit sa yo nan tout rejyon yo nan eta a. Patnè yo, sit òganizatè yo ak efò sansibilizasyon yo pral pèsonalize pou kominote yo kreye pou sèvi yo. Nouvo lokal yo etabli sou yon baz kontinyèl nan patenarya avèk lokalite yo epi plis sit pral anonse chak semèn sou yon peryòd 12 semèn.

"Nan patenarya avèk lokalite ki sou teren, sit #VaxtoSchool nou yo ap pote vaksen an bay Nouyòkè ki nan laj pou lekòl ak fanmi yo nan fason ki konvenab ak aksesib", **Gouvènè Kathy Hochul te deklare.** "Vaksen COVID-19 la san danje ak efikas - epi li rete pi gwo pwoteksyon nou kont viris la. Mwen egzòte Nouyòkè ki nan laj pou lekòl yo ak fanmi yo pou pran vaksen an osito sa posib pou nou kapab kenbe kominote lekòl nou yo an sante ak an sekirite".

Yon pwofesyonèl medikal kominotè ap disponib nan chak sit pou reponn nenpòt kesyon paran ak responsab yo ta genyen konsènan Nouyòkè yo a ki nan laj pou lekòl. Kòm yon lòt mwayen pou ankouraje vaksinasyon ak asire aksè atravè kominote New York yo, semèn sa a, bis #VaxtoSchool yo—efò vaksinasyon mobil yo—ap lanse nan zòn konvenab, ki santre sou jèn ak lekòl nan tout eta a.

Anons sa a chita sou angajman Eta New York pou rann sante ak byennèt elèv, pwofesè ak fanmi yo yon priyorite prensipal. Nan dat 5 oktòb, [61.3 pousan](#) nan timoun 12 rive 15 ane ak [70.9 pousan](#) nan jèn 16 rive 25 ane te resevwa omwen yon dòz vaksen.

Jou fonksyonman yo pou chak nan sit vaksinasyon tanporè #VaxtoSchool pou Nouyòkè ki nan laj pou lekòl yo anba a. Lis konplè sit #VaxtoSchool yo disponib [isit la](#) epi pral

mete ajou chak semèn sou yon peryòd 12 semèn pou ajoute nouvo sit yo lè yo anonse. Nouvo lokal yo etabli sou yon baz kontinyèl epi plis sit pral anonse chak semèn sou peryòd 12 semèn lan.

LONG ISLAND

Middle Country Library
575 Middle Country Road
Selden, NY 11784

Ouvri: Madi 5 oktòb; 10:00 am - 2:00 pm
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech
Patnè Evènman: Konte Suffolk

MID-HUDSON

Sèvis Sante Piblik Konte Sullivan (Sullivan County Public Health Services)
50 Community Lane
Liberty, NY 12754

Ouvri: Mèkredi 6 oktòb; 2:00 pm - 6:00 pm
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech
Patnè Evènman: Konte Sullivan

DISTRI KAPITAL

Stephen and Harriet Myers Middle School
1 Elbel Court
Albany, NY 12209

Mèkredi 6 oktòb; 5:00 pm - 7:00 pm
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech
Patnè Evènman: Konte Albany

LONG ISLAND

Gerald Ryan Outreach Center
1434 Straight Path,
Wyandanch, NY 11798

Ouvri: Jedi 7 oktòb; 4:00 pm - 7:00 pm
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech
Patnè Evènman: Konte Suffolk

CENTRAL NEW YORK

Fingerlakes Mall
1579 Clark Street Rd
Auburn, NY 13022

Ouvri: Vandredi 8 oktòb; 4:00 pm - 5:00 pm
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech, Moderna ak Janssen/J&J
Patnè Evènman: Konte Cayuga
Enskri pou yon randevou [isit la](#).

WESTERN NEW YORK

Lafayette High School
2885 Main St,
Buffalo, NY 14214
Ouvri: Samdi 9 oktòb; 11:00 am - 4:00 pm
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech
Patnè Evènman: Konte Erie
Enskri [isit la](#).

MID-HUDSON

Valley Central High School
1175 State Rte 17K
Montgomery, NY
Ouvri: Madi 12 oktòb; 2:00 pm - 5:00 pm
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech
Patnè Evènman: Konte Orange

LONG ISLAND

Patchogue/Medford Library
54-60 East Main Street
Patchogue, NY 11772
Ouvri: Jedi 12 oktòb; 10:00 am - 2:00 pm
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech
Patnè Evènman: Konte Suffolk

Timoun ki gen 12 a 17 ane yo kapab pran vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech, ki disponib anba Otorizasyon pou Itilizasyon Ijans pou timoun ki gen 12 a 15 ane epi li apwouve konplètman pou sila yo ki gen 16 ane ak plis. Lòt vaksen COVID-19 yo poko otorize oswa apwouve pou gwoup laj sa a. Si ou se yon paran oswa responsab yon Nouyòkè ki nan laj pou lekòl, ou kapab ale tou sou [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), voye kòd postal ou nan mesaj bay 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn yon sit vaksen ki pi pre ou. Asire founisè a ofri vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la.

Pou aprann plis sou vaksen COVID-19 la ak timoun ki gen pou laj lekòl yo, Nouyòkè yo ka vizite sit entènèt dedye nou an ny.gov/vaxtoschool oswa swiv [@VaccinateNY](https://www.instagram.com/VaccinateNY) sou Instagram.

Nou ankouraje paran yo pou asire timoun yo ajou nan tout vaksinasyon ki rekòmande ak obligatwa. Ale sou [sitwèb Depatman Sante](#) pou plis enfòmasyon sou vaksinasyon ki rekòmande pou timoun ak adolesan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)